

MANYÈL SOU POLITIK ADMINISTRATIF

Seksyon : Biwo dafè

Orijinal : 10-89

Politik : Politik pou èd charite ak èd finansyè

Revizyon : 10/09, 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20

Revizyon fèt le : 3/16, 3/17, 7/18, 9/19, 8/20

1. Sistèm Swen NCH (NCH Healthcare System, NCH) angaje pou l founi, kominote li a, aksè nan bon swen kalite epi ofri èd finansyè bay sa ki gen yon bezwen ki etabli pou yo resevwa swen medikal ijan oubyen sèvis lopital ki gen yon nesese medikal. Dapre lwa leta Florida 409.9131 la, "nesese medikal" oubyen "medikalman nesese" vle di tout materyèl oubyen sèvis ki nesese pou aleje efè yon pwoblèm medikal ki tèminal oubyen pou anpeche, dyagnostike, korije, geri, aleje oubyen anpeche deteryorasyon yon pwoblèm medikal ki menase lavi, lakòz doule oubyen soufrans, oubyen ki lakòz maladi oubyen enfimite dapre estanda pratik medikal ki aksepte an jeneral. NCH baze politik sou charite ak politik sou èd finansyè li yo (Financial Assistance Policy, FAP) sou direktiv leta Florida a. NCH angaje pou l founi sèvis sante bay tout pasyan kèlkeswa laj, jann, ras, etnisite, andikap oubyen relijyon epi li rekonèt nan sèten sitiyasyon yon pèsonaj pa p finansyèman kapab pou li peye pou sèvis li resevwa.

2. Politik sa a konsevwa pou respekte Seksyon 501(r) kòd Internal Revenue a epi li dwe entèprete epi aplike dapre règleman sa yo. Poutèt gwo chaj finansyè ki gen nan okipe moun ki pa gen resous adekwa pou yo peye pou sèvis pa yo, NCH pral pran desizyon apa pou chak sitiyasyon sou swen ki pa ijan ki founi bay tout pasyan. Politik sa a kouvri sèvis ki founi nan tout depatman ak kanpis lopital kominote Naples la ak gwoup medsen NCH la.

Rabè charite pa p aplike jouk tan tout peman twazyèm tyè pou yon kont te detèmine epi te aplike.

3. NCH ap ofri èd charite oubyen èd finansyè lè kondisyon sa yo satisfè :
 - a. Evalyasyon fèt epi refize pou l gen ladan l, san se pa sa sèlman, kalifikasyon pou asirans, kalifikasyon pou pwogram pataj frè charite, règleman sou responsablite pou sa ki konsène sèvis ki founi, règleman endamnizasyon pou aksidan nan travay (workers compensation) sou sa ki konsène sèvis ki founi, evalyasyon pou kalifikasyon swa nan Medicaid oswa nan lòt pwogram gouvènmantral oubyen èd finansman andeyò.
 - b. Pasyan oubyen garan an fini yon aplikasyon pou èd finansyè kote li mete salè ak depans, byen ak responsablite li yo ;
 - c. Founisè sèvis la jwenn yon rapò sou kredi ki konfime enfòmasyon ki sou fòmilè finans lan pou kont ki gen yon montan \$ 1 000,00 oubyen plis (sèvis lopital) oubyen \$200,00 oubyen plis (sèvis doktè) ;
Pasyan oubyen garan an obsève direktiv sou verifikasyon salè a ;
 - d. Si li yon travayè endepandan, li gendwa nesese pou bay kopi papye taks li pou detèmine si salè pasyan an oubyen garan an satisfè direktiv aktyèl yo sou salè povrete federal ak konbyen moun ki gen nan fanmi a.

MANYÈL SOU POLITIK ADMINISTRATIV

Seksyon : Biwo dafè

Orijinal : 10-89

Politik : Politik pou èd charite ak èd finansyè

Revizyon : 10/09, 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20

Revizyon fèt le : 3/16, 3/17, 7/18, 9/19, 8/20

- e. Pasyan, k ap ranpli swa aplikasyon pou èd finansyè oswa evalyasyon pou charite, e ki gen kont ki te apwouve pou charite nan dèye 3 mwa yo, pa oblije gen yon revizyon siplemantè pou dokiman yo ak lòt ankèt kredi (Credit Bureau Inquiry, CBI). Sa pa valab pou charite ki ofri nan règleman 25% an amwenske sèvis yo se pou menm dyagnostik oubyen plan tretman an. Si sèvis yo pou yon dyagnostik ki pa menm, yon nouvo evalyasyon ap nesese.
- f. Dèt la depase \$250,00.
- 4 Lwa Florida a pèmèt founisè yo klasifye frè yo kòm "charite" pou pasyan lè salè fanmi a egal oubyen mwens pase 200% direktiv povrete federal la, oubyen si depans medikal pa yo a pi plis pase 25% nan salè anyèl pa yo a e enfòmasyon finansyè ki dokimante a montre pasyan an pa gen mwayen pou l peye pou sèvis yo. "Swen charite" oubyen "swen charite ki pa renimere" vle di pati nan frè sèvis yo ki deklare bay ajans administrasyon swen sante a kote pa gen endamnisasyon pou swen ki founi bay yon pasyan kote revni total fanmi l, pou 12 mwa anvan detèminasyon an fèt, mwens oubyen egal 200% nivo povrete federal la, sofsi montan pasyan sa a dwe pi plis pase 25% montan revni anyèl fanmi li a. Sepandan, pa gen lè kote frè founisè a pou yon pasyan kote salè fanmi l la pi plis pase kat fwa nivo povrete federal la, pou yon fanmi ki gen kat moun, k ap konsidere pou charite (F.S.409.911) Si pasyan an kalifye pou règleman 25% charite a epi pasyan an montre li gen posiblite pou l peye yon pati nan sèvis yo, NCH gendwa pran yon maksimòm nan AGB a (montan ki faktire an jeneral) epi fè aplikasyon pou bcharite pou rès montan an.

ÈD FINANSYÈ KI DISPONIB AK KRITÈ POU KALIFIKASYON YO

Si salè yon pasyan pi ba pase 400% direktiv povrete federal yo, pasyan an ka resevwa kèk kalite èd finansyè. NCH gen tout dwa founi yon èd finansyè menm pou pasyan ki andeyò kritè salè estanda sa yo.

Seksyon : Biwo dafè

Orijinal : 10-89

Politik : Politik pou èd charite ak èd finansyè

Revizyon : 10/09, 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20

Revizyon fèt le : 3/16, 3/17, 7/18, 9/19, 8/20

Salè pasyan an	Montan èd finansyè a
Egal oubyen mwens pase 200% direktiv povrete federal la.	Pasyan an kalifye pou èd finansyè 100% nan frè lopital la ak frè NPG yo ki asosye avèk swen lopital la.
Ant 201% ak 400 % direktiv povrete federal la.	Pasyan an kalifye pou 75% rediksyon nan frè brit lopital NCH yo ak frè NPG yo ki konsène swen nan lopital la, ki vle di, pasyan an peye 25% nan tout frè brit yo.
Responsablite pasyan an pou frè lopital ki pi plis pase 25% salè anyèl kòkay la men pa plis pase kat fwa nivo povrete federal la pou yon fanmi kat moun.	Pasyan an kalifye pou èd finansyè 100% nan frè lopital la ak frè NPG yo ki asosye avèk swen lopital la.

KALIFIKASYON REZONAB

Pasyan yo gendwa kalifye pou yo gen yon rabè sou montan ki pa peye a lè pa gen yon aplikasyon pou èd finansyè ki ranpli depi pasyan an satisfè youn nan kondisyon sa yo :

- Li sanzabri.
- Mouri epi pa kite eritaj pou peye pou fakti medikal yo.
- Kalifye alèkile pou Medicaid men pa t kalifye nan dat sèvis la oubyen tout benefis Medicaid yo fin itilize.
- Kalifye pou l resevwa benefis nan yon ajans gouvènmantal antanke viktim yon krim brital oubyen yon kadejak epi tretman an asosye ak krim brital la oubyen ak kadejak la.
- Montre li pa kapab peye pou sèvis dapre tout byen li genyen yo. Pasyan, k ap resevwa swen swa nan oswa nan men depatman ijan an e pi pa gen resous finansyè, gendwa kalifye pou FAP la si l nan chomaj oubyen li yon travayè endepandan epi l pa ka bay yon papyè taks sou salè l, li endijan san aksè nan dokiman aplikasyon an egzije yo gendwa alò kalifye pou l resevwa èd finansyè.

MANYÈL SOU POLITIK ADMINISTRATIF

Seksyon : Biwo dafè

Orijinal : 10-89

Politik : Politik pou èd charite ak èd finansyè

Revizyon : 10/09, 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20

Revizyon fèt le : 3/16, 3/17, 7/18, 9/19, 8/20

BAZ KALKIL POU MONTAN KI FAKTIRE AN JENERAL

Lè yon pasyan kalifye pou l resevwa èd finansyè pou mwens pase 100% nan frè brit ki site anlè a, frè li responsab pou l peye a pa p plis pase montan jeneral ki faktire (amount general billed, AB) bay moun ki gen yon asirans ki kouvri swen sa a.

NCH itilize metòd "look back" pou l kalkile AGB a pou lopital li yo. Montan maksimòm AGB a ap ranmase nan men yon pasyan ki kalifye pou l resevwa èd finansyè dapre politik èd finansyè a. Pousantaj AGB a baze sou tout reklamasyon ki pèmèt dapre Medicare ak asirans medikal prive nan yon peryòd 12 mwa, divize pa frè brit asosye yo pou demann sa yo.

5. NCH dwe pou l konsève dokimantasyon adekwa pou otorizasyon swen charite yo oubyen èd finansyè a, an kontan fòmilè finansye, lòt dokiman konplemantè, ak yon rapò CBI (yon CBI pa obligatwa pou kont lopital ki gen yon montan \$1 000,00 oubyen mwens ; \$200,00 oubyen mwens pou sèvis doktè, si yon pasyan gen diferan kont ki gen yon total ki pi plis pase \$1 000,00 alò li obligatwa pou gen yon CBI).
6. NCH ap akòde don charite apre pwosesis otorizasyon an fini si pasyan oubyen garan an pa gen asirans, pa ka kalifye pou èd finansman aleksteryè e kalifye pou resevwa don charite. Anvan kalifikasyon pou don charite a detèmine epi otorize. NCH pral fè efò rekouvremant nòminal. NCH pral kanpe tout efò rekouvremant depi ajans charite a apwouve epi li pral avèti tou vandè twazyèm tyè ki mande pasyan oubyen garan an peye nan dat desizyon ajans charite a.
7. Ajans rekouvremant pou dèt tyè, gendwa ede regle kont yo lè pasyan yo pa kowopere fè peman ki konvni yo oubyen pa t vle ranpli aplikasyon pou èd finansyè a epi / oubyen founi dokiman siplemantè pou soutni demann yo fè pou èd finansyè a. Ajans rekouvremant yo gendwa sèlman angaje apre tout opsyon rezonab te pran pou rekouvremant ak peman. NCH gen politik apa ki dekri pwosedi li yo pou faktirasyon ak rekouvremant. Nan politik sa yo, NCH pa p antreprann epi pa p otorize ajans rekouvremant yo pran mezi rekouvremant ekstrawodinè, tankou sa ki defini nan lwa ki aplikab yo, anvan yo verifye si pasyan an te gen posiblite pou l prezante yon demann pou yon èd finansyè oubyen yon èd charite.
8. Pou l valab, se pou aplikasyon pou demann èd finansyè a siyen, gen siyati temwen an, ak dat la sou li. Aplikasyon pou demann èd finansyè a valab pou 6 mwa anvan epi 6 mwa aprè dat siyati ki sou li a. Yon eksepsyon, fòmilè finansyè a gendwa valab pou yon lòt 6 mwa si salè pasyan an nan limit yon salè fiks tankou sekirite sosyal oubyen salè andikape e salè li a pa chanje.
9. Lopital kominitè Naples la gen tout dwa pou l anile èd finansyè a epi resevwa ranbousman oubyen rekouvremant apwopriye apre tout nouvo dekouvèt enfòmasyon, tankou kouvèti

MANYÈL SOU POLITIK ADMINISTRATIF

Seksyon : Biwo dafè

Orijinal : 10-89

Politik : Politik pou èd charite ak èd finansyè

Revizyon : 10/09, 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20

Revizyon fèt le : 3/16, 3/17, 7/18, 9/19, 8/20

asirans oubyen peman bay moun k ap fè aplikasyon an oubyen demann reklamasyon pou blezi endividyèl an rapò avèk sèvis ki an kesyon an. Tout peman lopital kominotè Naples la resevwa, apre èd finansyè a, ap anile montan ki ajiste a pou rezoud montan otopeman ki rete a san sa pa fè gen yon montan ki dwe oubyen rès kòb nan kredi. Sizoka pasyan / garan an gen yon règleman oubyen li ranbouse pou swen li resevwa epi l refize peye pou swen ki oparavan te konsidere kòm swen charite oubyen èd finansyè, pasyan / garan an pa p kalifye ankò pou l resevwa èd finansyè epi li gendwa fè gen yon rès montan ki dwe.

10. Founi èd finansyè pa oblije lopital kominote Naples la founi swen kontini ; toutfw, se dapre li senpleman sèvis ak soutyen medikalman nesesè yo, e ki pa disponib lòt kote, gendwa founi kontinyèlman. Pasyan an gendwa gen pou l fè yon lòt aplikasyon pou FAP a omwen chak 6 mwa.
11. Sistèm Swen NCH egzije yon otorizasyon finansyè alavans nan men Direksyon biwo dafè a pou tout sèvis fakiltatif (ki prevwa epi ki pa prevwa) si pasyan an pa gen asirans, pa gen ase asirans oubyen ap peye limenm epi pa satisfè kondisyon FAP a ak / oubyen direktiv charite a. Peman total dapre politik otopeman NCH la (oubyen montan ki aksepte a) dwe fèt anvan sèvis yo founi.
12. Yon konseye finansyè pral kontakte tout pasyan anvan sèvis yo pwograme pou yo evalye kapasite pasyan an pou l peye. Ap gen nan pwosesis sa jwenn enfòmasyon finansyè aktyèl pasyan an, yon rapò sou kredi aktyèl ak revizyon istorik sou peman pasyan an fè nan Sistèm Swen NCH la.
13. Ekip direksyon biwo dafè a pral egzamine enfòmasyon finansyè pasyan an. Dapre evalyasyon pa yo a, direksyon siperyè a ak / oubyen doktè k ap suiv li oubyen doktè ki ba li referans lan gendwa kontakte pou n detèmine si sèvis fakiltatif yo gendwa retade, repwograme, oubyen refize poutèt pasyan an pa ka peye.
14. Ansyen otorizasyon pou yon kont charite pa garanti lòt charite apre. Chak sèvis (ki pa ijan) ap evalye dapre chak sitiyasyon.
15. Pasyan ki gen asirans Medicare kou premye asirans epi Medicaid pou dezyèm asirans epi ki toujou gen yon lajan yo dwe apre faktirasyon toulède asirans yo ap ajiste kou yon move dèt Medicare, si l apwopriye, ki pa anile nan charite.